EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# ЖАЗ-ГҮЗ ПАСЫЛЛАРЫ МЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫ МӘЎСИМЛИК ДӘСТҮРЛЕРДИҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Малика Пахратдинова**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдений институты магистранты
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.8016980

**ARTICLE INFO**
Received: 30th May 2023
Accepted: 07th June 2023
Online: 08th June 2023
**KEY WORDS**
*Календарлық дәстүрлер, үрп-әдет дәстүрлер, мәресим, Халық, салт-дәстүр, жаз-гүз мәўсими.*

**ABSTRACT**
*Халық социаллық, руўхый ҳәм мәдений турмыс тәрзиниң өзгериўи менен салт-дәстүр жырлары да формасы ҳәм мазмун жағынан байып, оның мәдений турмыс тәризи, арзыўларын сәўлелендириўши тәлим-тәрбия қуралына айланған. Халықлық дәстүрлер, мәресимлер мәўсимлик формаға көшип, ҳәр мәўсимде өткерилетуғын мәресимге айланған.*
*Халық байрамлары мүнәсибети менен көркем-эстетикалық характердеги сейиллер өткерилген. Сейиллерде халықтың ишки сезими, өзлигин аңлатыўшы характер пазыйлетлер аўызеки сценариялар, жанлы сәўбетлер тийкарында сүўретленген. Ҳәр бир байрам ямаса мәресим мүнәсибети менен өткерилетуғын сейиллер усы салтанаттың формасына сай қосықлар ҳәм басқалар менен мазмун жағынан рәң-бәрең тәризде өткерилген.*
*Жаз-гүз мәўсиминде «Гүл байрамлары», «Қаўын сейили», «Самал шақырыў», «Сабан той» (Зүрәҳәт байрамы), «Көкпар» (ылақ ойыны) ҳәм т.б. миллий дәстүр ҳәм қәдириятлар да халық дәстүрлерине қосылды.*

Жәмийет раўажланыўы, инсан санасының раўажланыўы менен тиккелей байланыслы ҳалда халықлық дәстүрлер де тарийхый характерге ийе болып жетилисип барды. Халық социаллық, руўхый ҳәм мәдений турмыс тәрзиниң өзгериўи менен салт-дәстүр жырлары да формасы ҳәм мазмун жағынан байып, оның мәдений турмыс тәризи, арзыўларын сәўлелендириўши тәлим-тәрбия қуралына айланған. Халықлық дәстүрлер, мәресимлер мәўсимлик формаға көшип, ҳәр мәўсимде өткерилетуғын мәресимге айланған. Мәселен, мәўсимге бойсынбайтуғын айырым салт-дәстүр жырлары да бар.

Жаз-гүз мәўсиминде «Гүл байрамлары», «Қаўын сейили», «Самал шақырыў», «Сабан той» (Зүрәҳәт байрамы), «Көкпар» (ылақ ойыны) ҳәм т.б. миллий дәстүр ҳәм

қәдириятлар да халық дәстүрлерине қосылды. Ҳәр бир байрам, мәресимниң тәбийий тәсир күши усы дәстүрдиң мазмунын ашыўға хызмет қылыўшы үрп-әдетлер менен тиккелей сәўлеленеди.

Қарақалпақ халық жырлары ески үлгилери мийнет ҳәм мәўсим қосықлары болып есапланады. Қосық дөретиўшилериниң әмелий хызмети аңшылық, шарўашылық, дийқаншылық, өнерментшилик пенен тиккелей байланысқан ҳәм олар мийнеткеш халықтың ески үрп-әдетлери, мәресим ҳәм исенимлери негизинде жасап келген. Халық байрамлары мүнәсибети менен көркем-эстетикалық характердеги сейиллер өткерилген. Сейиллерде халықтың ишки сезими, өзлигин аңлатыўшы характер пазыйлетлер аўызеки сценариялар, жанлы сәўбетлер тийкарында сүўретленген. Ҳәр бир байрам ямаса мәресим мүнәсибети менен өткерилетуғын сейиллер усы салтанаттың формасына сай қосықлар ҳәм басқалар менен мазмун жағынан рәң-бәрең тәризде өткерилген.

Қарақалпақ халқы турмысында жаз-гүз мәўсиминде өткерилетуғын мәресимлер, дийханшылық ҳәм шарўашылық кәсиплери менен тығыз байланыслы болған. Соның менен бирге тәбияттағы өзгерислерди де сезинип, бақлап халықлық гидрометрологиялық қәбилетке де ийе болған. Мәселен, халқымыз бурыннан киятырған тәжирийебеси бойынша егилетуғын оты еки (32) дақылдың бәрин «жүз»диң ишинде егип болыўы керек. Егер «жүз» кирмей турып егилсе ямаса өтип кетип кешигип қалсақ онда дийқаншылықтан дурыслы өним ала алмайсаң. «Жүз» - деп аталған егис мәўсими 28-апрелде басланып, 5-августтан тамамланады. Сонлықтан да дана халқымыз «жүз киргени, гүз киргени» деп бийкарға айтпаған. [1.6]

Қарақалпақлар аўылларында жаз пасылында шарўалар қыслаўдан жазлаўға көшкен. Бул үлкен ғаласаўат, үлкен машақат, тәшўишли болған. Себеби, қысқы қыслаўда тигилген үйлерди енди жазғы жазлаўға апарып қайта тигиў керек, қара үйлер қайтадан, дәрьяның ямаса көлдиң бойына суўға жақын жерге тигилген. Малға жайлаў болатуғын жерлерди алдын ала ҳәр шарўа белгилеп қойған. Көбинесе көлдиң бойын ийелеген.

Ал, гүзди еккен егиннен өним алатуғын, малдың бәҳәрде туўған бузаўының, қозысының, қулынының, ботасының есабын алатуғын айлар деп белгилеген. Соның ушын ата-бабамыз «малды гүзде санайсаң» дейди. Сататуғынын сатады, төл болатуғын малларын алып қалады, қысы менен жейтуғын малын гүзде семиз ўақтында сойып, дузлап алып қалады, семиз жылқыларын сойып, жылқының өз ишине гөшин дузлап тығып, қазы менен қарта қылады. «Алпамыс» дәстанында Байсын-Қоңырат ели жөнинде «Қойын сатып, қозы қылар байлары» деген қатарда мал сатыў өнери (яғный малдың бас санын жоғалтпай малды сатыў) берилген. Буннан бизиң ата-бабаларымыздың мал шарўашылығын үлкен өнер дәрежесине көтергенин түсинемиз.

Халықтың түсиник бойынша 8-августте гүз басланады деп түсинген. Халық мийзан түсти, суў суўыды деп қараған. Мийзан ҳәзирги термин бойынша сентябр айын аңлатады. Бирақ, ерте дәўирлерде мийзан сөзи гүз айы, гүзектиң, ерте гүздиң басланыўы мәнисин билдирген. 5-август күни халықлық түсиник бойынша сүмбиле түсти деп те айтады. Мәселен;

Ғаз келгени – жаз келгени.

Өпепек келди – жаз келди.
Жаз ақсыз болмас,
Гүз көксиз болмас.
Сүмбиле туўды сүмпийип,
Ат семирер қунтыйып.
Ақыпта урмаса,
Ақыретте де урмайды. [2.149]

Мине, халық жаз ҳәм гүз мәўсимлериндеги тәбийий қубылысларды бақлап, нақыл-мақаллар, ушырма сөзлер, афоризмлер, аңыз-әпсаналар ҳәм т.б. салт-дәстүр жырларын дөретип кеткен.

7-июлден 8-августқа шекем халық тәбияттан пайдаланатуғын емлерди (дузға түсиў, қумға түсиў) ислеген. Мине, бул дәўирди шилле деп атайды. Усы жаз шиллесинде аяғы аўырған ҳәм улыўма аязы бар наўқаслар тал түсте қайнап турған ыссы қумға түскен. Қумға аяғларын, гей жағдайларда белине шекем ыссы қумға көмип 1-2 саат ўақытқа шекем 7 күн даўамын емленип, 40 күн периз тутып жүрген. Усы ем халықлы ем болып, көшилик адамлар саўалып кетип отырған.

23-августта ыссы тоқтайды. 17-21-сентябр аралығында 5 қонақ басланады. Усы күнлер арасындағы тәбийий қубылысларды қарақалпақлар бес қонақ деп атаған. Себеби, гүздиң кириўи, биринши қоңыраўы сыпатында баҳаланған. Бир күни салқын ҳаўа, және бир күни жаўынлы, және бир күни даўыллы болыўы яғный ҳаўа-райының бир қыйлы емеслигин, усы бес күнде бес түрли ҳалатта болатуғынлығын сезген дийханлар бес қонақ деп атаған.

8-октябрде суўық басланады, шық түседи, яғный ақырап айы кирип келеди. Ақырып та гей жағдайларда суўық ерте түсип, қаттырақ болып, егинлерди урып кетген ўақытлары болған. Сол себепли егинлер де писпей қалған ўақытлары да болған. Егер усы суўықта егинлерди қыраў урмай өтип кетсе, дийханның несийбеси, егинлер толық писип, өнимдарлығы артқан.

Халқымыздың арасында ең күшли мазмунлы раўажланған ойынлардан ат үстинде айқасатуғын ойынлар, халық сейиллеринде, үйлениў тойларында ҳәм сабан тойларда миллий халық ойынлардан «Ылақ тартысыў», «Аламан бәйги» , «Бәйги», «Жорға жарыс», «Ат омыраўластырыў», «Аттан аўдарыспақ», «Қыз қуўмақ», «Тай жарыслары» ҳәм тағы басқа миллий ойынлар өткерилген.

## References:

1. Есбергенов Х., Есбергенова Т.Х., Сейтмуратова Г. Наўрыз халқымыздың миллий байрамы. – Нөкис: Билим, 1998. Б.6.
2. Қарақалпақ фольклоры. 88-100-том. -Нөкис: Илим, 2015. Б.149.